

Ou te pran vaksinyon pou COVID-19 ou? Fè ratrapaj depistaj ou yo pou kansè.

Enkyetid pou COVID-19 yo te lakoz anpil moun ranvwaye depistaj yo pou kansè. Men jodia, avèk vaksen yo ak prekosyon, gen plis sekirite. Kidonk, si ou te resevwa vaksen an oswa ou pral fè sa byento, rele founisè swen sante ou an pou pwograme oswa pou repwograme depistaj ou yo pou kansè. Si ou pa genyen yon founisè oswa ou pa genyen asirans oswa ou pa genyen ase asirans, ou kapab elijib pou depistaj gratis oswa avèk yon ti frè atravè pwogram Screening for Life Delaware a. Rele **302-744-1040** oswa vizite **HealthyDelaware.org**.

Gade tablo ki anba a pou jwenn enfòmasyon enpòtan sou tip kansè yo, machaswiv ki lye avèk laj ak sèks, ak chak kilè pou fè depistaj yo. Kidonk pale avèk founisè swen sante ou an.

KALANDRIYE DEPISTAJ KI REKÒMANDE			
	Laj	Depistaj	Chak Kilè
Tete	Fanm laj 40 lane ak plis ^{1,2} Fanm laj 18 lane ak plis	Mamogram Egzamen Klinik Tete (CBE)	Chak Ane Chak Ane
Kòl Matris	Fanm laj 21 lane ak plis ^{1,2} Fanm laj 21 jiska 29 lane Fanm laj 30 jiska 65 lane	Egzamen Basen Tès Pap Tès Pap	Chak Ane Chak 3 lane Chak 3 lane oswa Chak 5 lane avèk konbinezon tès HPV
Kolon	Gason ak fanm laj 45 lane ak plis ^{1,2}	Tès FIT oswa Kolonoskopi oswa Cologuard	Chak Ane Chak 10 lane Chak 3 lane
Poumon	Gason ak fanm laj 50-80 lane ki: • Fimen oswa te fimen yon pòch pa jou pandan 20 lane oswa plis, oswa 2 pòch pa jou pandan 10 lane oswa plis • Fimen aktyèlman oswa te sispann fimen nan 15 dènye lane yo	Tomodansitometri Fèb Dòz	Pale avèk founisè swen sante ou an pou detèmine si yon depistaj kansè nan poumon rekòmande.
Pwostat	Risk Mwayen: Gason laj 50 lane ak plis ^{1,2} Gwo Risk: Gason laj 45 lane ak plis, genyen ladan Afriken Ameriken ak gason ki gen yon paran nan premye degre ki te dyagnostike avèk kansè nan pwostat nan laj bonè (ki defini kòm moun laj mwens pase 65 lane). Pi Gwo Risk: Gason laj 40 lane ak plis – gason ki genyen plis pase yon paran nan premye degre ki te fè kansè nan pwostat nan yon laj bonè (moun laj mwens pase 65 lane). ^{1,2}	Tès Antijèn Espesifik nan Pwostat (PSA) avèk oswa san yon Egzamen Rektòm avèk Dwèt (DRE)	Pale avèk founisè swen sante ou an pou detèmine si yon depistaj kansè nan pwostat rekòmande.

¹Pale avèk founisè swen sante ou an konsènan rekòmandasyon pou depistaj endividyèl.

²Moun ki genyen istwa famiyal kansè kapab kalifye pou depistaj nan yon laj ki pi bonè.

Selon machaswiv Screening for Life yo nan mwa Avril 2021.

POUKISA KOUNYEYA, PA PITA.

Yon moun sou twa pral devlope kansè pandan lavi l. Chak jou ou retade depistaj kansè ou an, ou kapab ogmante risk ou pou fè kansè.

Plis pase 40% nan adilt Etazini yo te ranvwaye swen medikal pandan pandemi an; sa ki pèmèt yon maladi oswa kondisyon yo ka genyen pwogrese epi agrave.

Deteksyon kansè bonè pèmèt tretman medikal pi bonè, sa ki kapab sove lavi w. Pwograme depistaj ou an kounyeya.